Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (81 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (81 KB)

# VINOShíLÍQ TARAWÍN HÁM ALKOGOL ÓNIMLERIN REALIZACIYaLAWDÍ TÚP-TIYKARÍNAN JETILISTIRIW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Ótken waqıt ishinde shiyki zat bazasın jaratıw hám rawajlandırıw, sapalı hám básekige shıdamlı vinoshılıq hám alkogol ónimlerin (keyingi orınlarda alkogol ónimleri) realizaciyalaw, eksport potencialın arttırıp barıw, sonday-aq, bul tarawǵa shet el investiciyaların tartıw boyınsha salmaqlı jumıslar ámelge asırıldı.

Sonıń menen birge, sistemaǵa baylanıslı bir qatar mashqalalar hám kemshilikler tarawǵa alkogol ónimlerin islep shıǵarıw, qayta islew hám satıwdıń aldıńǵı texnologiyaların engiziw, eksport potencialınıń turaqlı ósimin támiyinlew, tarawdı basqarıwdıń nátiyjeli sistemasın jaratıw imkaniyatın bermey atır, sonıń ishinde:

birinshiden, júzimniń texnikalıq sortları maydanlarınıń keskin qısqarıp ketiwi, olardı jetistiriw boyınsha aldıńǵı usıllardıń tómen dárejede shólkemlestiriliwi, júzim baǵları zúráátliliginiń tómenligi, sonday-aq, fermer xojalıqlarınıń jetkilikli dárejede mápdar bolmawı vinoshılıq ónimlerin islep shıǵarıw kólemleriniń tómenlep ketiwi hám qayta islew quwatlıqlarınan nátiyjesiz paydalanıwdıń sistemalı sebebine aylandı;

ekinshiden, azıq-awqat etil spirti, pivo qaynatıw, likyor-araq hám basqa da alkogol ónimlerin islep shıǵaratuǵın kárxanalardı jańalaw hám texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw boyınsha qollanılıp atırǵan texnologiyalıq siyasattıń nátiyjeliligi tómen ekeni, olarǵa júzege kelgen mashqalalardı nátiyjeli sheshiw, sonday-aq, jańa óndiris quwatlıqların jaratıw hám ámeldegilerin modernizaciyalawda kómeklesiw imkaniyatın bermey atır;

úshinshiden, alkogol ónimlerin islep shıǵarıwdıń kólemin perspektivalı basqarıwdıń rejeli metodı óndirisshilerge óndiris kólemin satıw bazarındaǵı jumıslardıń ámeldegi jaǵdayın esapqa alıp erkin belgilew, sonday-aq, eksporttıń úlesin arttırıw hám milliy brendti shet el bazarlarına alıp shıǵıw imkaniyatın bermey atır;

tórtinshiden, alkogol ónimlerdi avtomatlastırılǵan qadaǵalaw hám esapqa alıw sistemaları engiziliwiniń tómen dárejede ekeni sapasız hám sertifikatlastırılmaǵan alkogol ónimleriniń aylanısı ushın sharayatlar jaratpaqta;

besinshiden, «Ózvinosanaat-xolding» AJ quramında tarawǵa baylanıslı bolmaǵan kárxana hám shólkemlerdiń bar ekeni artıqsha qarjılay qárejetlerge, sonday-aq, olardıń tarawdaǵı jumıs nátiyjeliliginiń tómenlewine alıp kelmekte;

altınshıdan, xalıqaralıq birge islesiwdiń jetkilikli dárejede bolmaǵanı óndiris ciklin jetilistiriw ushın tájiriybeli shet el qánigelerin tartıw, alkogol ónimleriniń marketing siyasatın hám olardı brendlestiriwdi kúsheytiw, jańa satıw bazarlarına alıp shıǵıw imkaniyatlarına keri tásir etpekte.

Alkogol ónimlerin islep shıǵarıw hám realizaciyalawdı túp-tiykarınan jetilistiriw, tarawdı basqarıwdıń aldıńǵı texnologiyaların engiziw, shet el investiciyaların tartıw hám kárxanalardıń eksport potencialın arttırıw maqsetinde, sonday-aq, Ózbekstan Respublikasındaǵı Hákimshilik reformalar koncepciyasına muwapıq:

«Ózvinosanaat-xolding» AJ, Ózbekstan Respublikası Ekonomika ministrligi, Qarjı ministrligi, Sırtqı sawda ministrligi hám Menshiklestirilgen kárxanalarǵa kómeklesiw hám básekilikti rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komitetiniń:
«Ózvinosanaat-xolding» AJ hám onıń Tikleniw hám rawajlanıw qorın tiyisli túrde «Ózsharapsanaat» AJ hám «Ózsharapsanaat» AJnıń Rawajlandırıw qorı dep qayta ataw;

«Vinagroimpeks» JShJnı ornatılǵan tártipte saplastırıw;

tarawǵa tiyisli bolmaǵan kárxanalardı «Ózsharapsanaat» AJ quramınan 1-qosımshaǵa muwapıq shıǵarıw haqqındaǵı usınısları qabıl etilsin.

2018-jıldıń 1-aprelinen vinoshılıq ónimleri ushın jaramlılıq múddetin belgilew haqqındaǵı talap biykar etiletuǵını hám bunday ónim islep shıǵarıwshılarǵa olardıń saqlaw múddetin erkin belgilew huqıqı beriletuǵını;
2018-jıldıń 1-iyulinen alkogol ónimlerin islep shıǵarıwshı kárxanalarǵa óziniń vinoshılıq ónimlerin turistlik baǵdarlarda shólkemlestirilgen zavodqa tiyisli degustaciya aymaqlarında (orınlarında) usaqlap satıwdı realizaciyalaw huqıqı beriletuǵını;

2019-jıldıń 1-yanvarınan tábiyǵıy vinolardı, vinomateriallardın hám konyak spirtin islep shıǵarıw, sonday-aq, júzimdi qayta islew boyınsha jumıstı júzimniń miywe beretuǵın texnikalıq sortların jetilistiriw boyınsha 100 gektardan az bolmaǵan plantaciya maydanına, sonday-aq, vino-konyak ónimleriniń saqlanıwı hám jetiliwi ushın emen bochkalarına iye kárxanalar, nızamshılıqta názerde tutılǵan basqa da talaplarǵa ámel etken halda, ámelge asırıwı múmkin ekeni;

2019-jıldıń 1-yanvarınan ózimizdegi júzim plantaciyalardıń shiyki zatınan islep shıǵarılǵan tábiyǵıy júzim vinoların awıl xojalıǵı ónimi toparına kirgizgen halda, óndiris boyınsha jumıstı licenziyalaw biykar etiletuǵını;

«Ózsharapsanaat» AJ Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń Investiciyalar, innovaciyalıq rawajlandırıw, erkin ekonomikalıq hám kishi sanaat zonalarınıń jumısın muwapıqlastırıw, turizm máseleleri kompleksiniń quramına kiretuǵını;

júzimniń texnikalıq sortların jetistiriw ushın jer maydanların ajıratıw «Ózsharapsanaat»AJ hám Ózbekstan Respublikası Geologiya hám mineral resurslar boyınsha mámleketlik komiteti menen kelisken halda joqarı zúráát alıw ushın zárúr bolǵan topıraqtıń ónimdarlıǵı, suw menen támiyinlew dárekleriniń bar ekenin esapqa alıp ámelge asırılatuǵını belgilep qoyılsın.

Júzimniń texnikalıq sortları boyınsha júzim baǵların inventarizaciyadan ótkeriw hám vinoshılıq tarawın bunnan bılay da rawajlandırıw boyınsha usınıslardı tayarlaw boyınsha Arnawlı komissiya (keyingi orınlarda – Arnawlı komissiya) 2-qosımshaǵa muwapıq quramda shólkemlestirilsin.

Arnawlı komissiya (S.R.Xolmurodov):
a) júzimniń texnikalıq sortları jetistiriletuǵın, sonıń ishinde, fermer xojalıqları iyeligindegi júzim baǵlardı orınlarǵa shıǵıp wálayatlar hám rayonlar (qalalar) kesiminde inventarizaciya etsin, olardan paydalanıwdıń aqılǵa muwapıqlıǵın hám nátiyjelilik dárejesin úyrensin;

b) inventarizaciyanıń juwmaqları boyınsha 2018-jıldıń 1-iyuline shekem bolǵan múddette Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Respublikada vinoshılıq tarawın bunnan bılay da rawajlandırıwdıń 2018-2023-jıllarǵa mólsherlengen ilajlar baǵdarlamasın tastıyıqlaw haqqındaǵı qararınıń joybarın kirgizsin, onda:

júzimniń belgili hám perspektivalı sortların jetistiriw, kóbeytiw, qayta islew tarawında shet ellerdiń aldıńǵı tájiriybesin tereń úyreniw, vinoshılıq tarawında agrotexnikalıq, karantin hám innovaciyalıq texnologiyalardı paydalanıw;

shet elde vinoshılıq ónimlerin islep shıǵarıwda keńnen qollanılatuǵın bazar mexanizmlerin, sonıń ishinde, óndiriwshi hám qayta islewshi arasındaǵı kooperaciyanı, klaster modelin, olardı qarjılandırıwdıń anıq dáreklerin belgilegen halda engiziw;

respublikada júzimniń dúnya bazarında talap úlken genetikalıq jaqtan jańa, belgili hám perspektivalı sortların, sonıń ishinde, mikroklonlaw usılı, sonday-aq, júzimniń in vitor genofondınıń kollekciyaların jaratıw jolı menen jetistiriw;

agrotexnikalıq hám karantin ilajların ótkeriw ushın qárejetlerdi azaytıw, zúráátlilikti arttırıw, sonday-aq, 3-qosımshada kórsetilgen jer maydanlarınan júzimdi qayta islew infrastrukturasın jedel rawajlandırıw maqsetinde júzimniń texnikalıq sortları egilgen hár bir plantaciya maydanın keminde 100 gektarǵa úlkeytiw;

«Ózsharapsanaat» AJ kárxanalarına júzimniń texnikalıq sortların jetistiriw ushın jer uchastkaların, sonıń ishinde, júzimniń texnikalıq sortların jetistiriw ushın jaramlı bolǵan tawaldı aymaqlarınan ajıratıwǵa hám 2021-jıldıń aqırına kelip «Ózsharapsanaat» AJ kárxanalarınıń plantaciyaların, usı bántke muwapıq olardı keńeytiwdi esapqa alǵan halda, 10 mıń gektarǵa jetkeriw;

respublika aymaǵında vinoshılıq hám júzimshilikte qollanılatuǵın texnika hám úskenelerdi islep shıǵarıw boyınsha quwatlıqlardı, sonday-aq, bul tarawda agrotexnikalıq qurallardı islep shıǵarıw boyınsha konstruktorlıq byurolardı jaratıw;

júzimniń texnikalıq sortları plantaciyalarında, olardıń topıraq specifikasın esapqa alǵan halda, tamshılatıp suwǵarıw sisteması engiziliwin keńeytiw;

egin egiw materialların túrli viruslardan hám bakteriyalardan, sonıń ishinde, mikoplazmlar hám bakteriyalıq raktan qorǵaw boyınsha karantin ilajların ámelge asırıw;

vinoshılıq ónimlerin islep shıǵarıwshılardı janılǵı-maylaw materialları, tóginler hám ósimliklerdi qorǵawdıń basqa da quralları menen júzimniń texnikalıq sortları plantaciyaların qáliplestiriwdiń birinshi bes jıllıǵında jeńillikli bahalarda támiyinlew;

islep shıǵarıwshı, jer uchastkası, júzimniń jaǵdayı, sortı, jaratılǵan waqtı, zúráátliligi hám basqa da sıpatlawshı kórsetkishleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardı óz ishine alǵan júzimniń texnikalıq sortları plantaciyasınıń Birden-bir reestrin qáliplestiriw;

egiw materialların islep shıǵarıw boyınsha komplekslerdi hám mikroklonal kóbeytiw usılı menen alınǵan júzimniń texnikalıq sortların kóbeytiw hám jetistiriw ushın pitomniklerdi jaratıw, olar tárepinen miyweli eginler sortlarınıń biyimlesiwsheńligin, ósimliktiń ekologiyalıq-genetikalıq potencialı átiraptaǵı sharayatlarǵa sáykes keliwin bahalawdıń ekspress-metodların ótkeriw;

rekonstrukciyalanıp hám jańadan jaratılıp atırǵan júzimniń texnikalıq sortları plantaciyalarında tek ǵana sertifikatlanǵan egislik materialı egiliwin támiyinlew;

vinoshılıq hám júzimshiliktiń huqıqıy tiykarları, olardı rawajlandırıw boyınsha mámleketlik xızmettiń tiykarǵı baǵdarları, vinoshılıq ónimlerin jetistiriw, qayta islew, realizaciyalaw, olardıń bazarda aylanısın esapqa alıw hám qadaǵalaw máseleleri, sonday-aq, bul tarawdaǵı basqa da áhmiyetli máselelerdi tolıq belgilep beretuǵın Ózbekstan Respublikasınıń «Vinoshılıq hám júzimshilik haqqında»ǵı Nızamı joybarın islep shıǵıw sıyaqlı áhmiyetli wazıypalardı ámelge asırıwǵa ayrıqsha itibar qaratsın.

Arnawlı komissiyaǵa onıń jumısına ministrlikler, vedomstvolar, xojalıq basqarıw uyımlarınıń basshıların hám qánigelerin, ekspertlerdi, sonıń ishinde, shet el ekspertlerin, sonday-aq, Ózbekstan Respublikasınıń shet ellerdegi diplomatiyalıq wákilxanalarınıń wákillerin qoyılǵan wazıypalardı sapalı hám óz waqtında orınlaw ushın tartıw huqıqı berilsin.

Etil spirti, alkogol ónimlerin islep shıǵarıw, temeki shiyki zatın fermentlew hám temeki ónimlerin islep shıǵarıw jumısın licenziyalaw boyınsha respublikalıq komissiya 2018-jıldıń 1-apreline shekem ámeldegi licenziya talapların sın kózqarastan qayta kórip shıǵıw tiykarında alkogol ónimlerin islep shıǵarıwdı licenziyalaw tártibin jetilistiriw boyınsha, sonıń ishinde, ótkir alkogol ónimlerin islep shıǵarıw boyınsha bar jıllıq óndiris quwatlıqların keminde 60 procent paydalanıw haqqındaǵı talaplardıń esabınan bunday ónimlerdi islep shıǵarıwdı kvotalaw sistemasın engiziw boyınsha usınıslar kirgizsin.
Ózbekstan Respublikası Geologiya hám mineral resurslar boyınsha mámleketlik komiteti:
Ózbekstan Respublikası Suw xojalıǵı ministrligi menen birgelikte keleshekte júzimniń texnikalıq sortları plantaciyaların ornalastırıw hám bul aymaqlarda keyin ala óndiris obektleriniń jumısın jolǵa qoyıwdı esapqa alǵan halda suw menen támiyinlewdiń anıq dáreklerin anıqlasın;

júzimniń texnikalıq sortları plantaciyalarınıń aymaǵın suwǵarıw ushın suw qudıqların burawlaw ushın ruqsatnama beriwge hár tárepleme kómeklessin.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Joybarlaw basqarması milliy agentligi Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi, Awıl xojalıǵı ministrligi, «Ózsharapsanaat» AJ, M.Mirzaev atındaǵı Baǵshılıq, júzimgershilik hám vinoshılıq ilimiy-izertlew institutı, basqa da vedomstvolar hám mákemeler menen birgelikte 2018-jıldıń 1-iyunine shekemgi múddette:
egin materiallarınıń talap joqarı sortların import etiw maqsetinde, jergilikli tábiyǵıy-ıqlım hám basqa da sharayatlardı esapqa alǵan halda, júzimniń belgili texnikalıq sortların jetistiriw hám kóbeytiw tarawında shet ellerdiń aldıńǵı tájiriybesinen, sonıń ishinde sol jerge barıp úyrensin;

úyreniw nátiyjeleri boyınsha júzimniń belgili texnikalıq sortların jetistiriw hám kóbeytiw, sonday-aq, respublika aymaǵında egislik materiallarınıń belgili sortların egiw boyınsha zamanagóy óndiris kompleksin jolǵa qoyıw boyınsha anıq usınıslardı Arnawlı komissiyaǵa kirgizsin.

Ózbekstan Respublikası Sırtqı isler ministrligi hám «Ózsharapsanaat» AJ, mámlekettiń ishki tártiplerin jedellestiriw boyınsha ilajlardı ámelge asırsın hám 2018-jıldıń 1-mayına shekemgi múddette Ózbekstan Respublikasınıń Xalıqaralıq vinoshılıq hám júzimgershilik shólkemine kiriw ushın

buyırtpası beriliwin támiyinlesin.
Ámeliyatqa:
elimizde akkreditaciyadan ótken diplomatiyalıq wákilxanalar, shet elli turistler, túrli ellerdiń vinoshılıq tarawı wákilleri, ekspert hám qánigelerdi keńnen tartqan halda hár jılı respublikada vino festivalı hám Xalıqaralıq degustaciya tańlawı ótkeriliwi;

jergilikli vinoshılıq ónimleriniń kórgizbe-yarmarkaların shet ellerde turaqlı túrde ótkeriw engizilsin.

«Ózsharapsanaat» AJ bir ay múddette 2018-jılı Tashkent qalasında vino festivalı hám xalıqaralıq degustaciya tańlawı ótkeriliwi haqqında Húkimetlik qarardıń joybarın Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine kirgizsin.

Ózbekstan Respublikası Sırtqı isler ministrligi, Sırtqı sawda ministrligi turaqlı túrde «Ózsharapsanaat» AJǵa:
elimizde akkreditaciyadan ótken diplomatiyalıq wákilxanalardı, xalıqaralıq shólkemlerdi, sırt el kompaniyaların hám mákemelerin tartqan halda hár jılı vino festivalı hám Xalıqaralıq degustaciya tańlawın ótkeriwde;

jergilikli vinoshılıq ónimleriniń kórgizbe-yarmarkaların shet ellerde ótkeriwge kómeklessin.

«Ózsharapsanaat» AJ:
óndiris ciklin jetilistiriw, marketining siyasatın kúsheytiw hám alkogol ónimlerin brendlew, olardı jańa satıw bazarlarına alıp shıǵıw ushın joqarı mamanlıqtaǵı shet elli qánigelerdi tartıw;

ámeldegi vinoshılıq bazasında ekilemshi ónimlerdi islep shıǵarıwdı (júzim mayı, azıq-awqat boyawları hám basqa da túrdegi ónimler) tereń qayta islewdi engiziw;

«Ózsharapsanaat» AJ vino-konyak kárxanalarında vinolar hám konyaklardıń sapasın bunnan bılay da jaqsılaw hám eksport bahasın arttırıw, sonday-aq, vino materialların saqlaw ushın tat baspaytuǵın polattan ıdıslar islep shıǵarıw maqsetinde olardıń jetilisiwine jaylastırıw ushın emen ıdıslar parkin jaratıw boyınsha ilajlar kórsin.

Tómendegiler:
júzimniń texnikalıq sortların islep shıǵarıwshılar 2025-jıldıń 1-yanvarına shekemgi múddetke, awıl xojalıq eginlerin qatar aralap jetistiriwine qaramastan, jer salıǵın tólewden;

vinoshılıq kárxanaları Ózbekstan Respublikasında jetkilikli kólemlerde islep shıǵarılmaytuǵın, vinoshılıq ónimlerin islep shıǵarıw ushın alıp kelinetuǵın hám paydalanılatuǵın materiallar, shiyki zat, ósimliklerdi qorǵaw quralları hám buyımlar belgilengen tártipte tastıyıqlanatuǵın dizim tiykarında alıp keliniwi ushın 2025-jıldıń 1-yanvarına shekem bajıxana tólemlerin (bajıxana jıyımlarınan tısqarı) tólewden azat etilsin.

«Ózsharapsanaat» AJǵa azıq-awqat etil spirti, pivo qaynatıw, likyor-araq, vinoshılıq hám basqa da alkogol ónimlerin islep shıǵaratuǵın kárxanalardı modernizaciyalaw hám qayta texnikalıq úskenelew boyınsha kómeklesiw júklensin.
2019-jıldıń 1-yanvarınan baslap pivo qaynatıw ónimlerin islep shıǵaratuǵın kárxanalar ornatılǵan tártipte «Ózsharapsanaat» AJ quramına shártnama tiykarında shólkemlesken aǵzalar sıpatında kirgiziliwi múmkin ekeni;
«Ózsharapsanaat» AJ óz úlesi menen qatnasatuǵın kommerciyalıq shólkemler tek ǵana jámiyetlik baqlaw keńesiniń qararı tiykarında akcionerlik jámiyeti yamasa juwapkershiligi sheklengen jámiyet tárizinde shólkemlestiriletuǵını;

«Ózsharapsanaat» AJ kárxanaları tárepinen alkogol ónimlerin islep shıǵarıw kólemin rejelestiriw jámiyet akcionerleriniń ulıwma májilisiniń qararı tiykarında, talap hám usınıs konyunkturasınıń talqılanıwı, tayar ónim qaldıqları, sonday-aq, tarmaqtı rawajlandırıw koncepciyasın esapqa alıp ámelge asırılatuǵını belgilep qoyılsın.

«Ózsharapsanaat» AJ shólkemlestiriwshilik strukturası, sonday-aq, basqarıw xızmetkerleriniń sheklengen sanı 74 bolǵan onıń atqarıw apparatınıń strukturası 4- hám 5-qosımshalarǵa muwapıq maqullansın.
«Ózsharapsanaat» AJ basqarma baslıǵına zárúr jaǵdaylarda basqarma xızmetkerleriniń belgilengen sanı sheńberinde atqarıw apparatı strukturasına ózgeris kirgiziw huqıqı berilsin.

«Ózsharapsanaat» AJ basqarmasınıń baslıǵı hám onıń orınbasarları jámiyet akcionerleriniń ulıwma májilisi tárepinen saylanatuǵını, lawazımǵa Ózbekstan Respublikası Prezidenti menen kelisken halda Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen tastıyıqlanatuǵını belgilep qoyılsın.
Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Awıl xojalıǵı ministrligi, Ekonomika ministrligi, «Ózsharapsanaat» AJ Ózbekstan Respublikası Sırtqı isler ministrligi menen birgelikte eki ay múddet ishinde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine Tashkent ximiya-texnologiya institutında 2018/2019 oqıw jılınan baslap vinoshılıq tarawı ushın joqarı mamanlıqtaǵı kadrlardı tayarlaytuǵın fakultet dúziw hám onıń jumısın shólkemlestiriw boyınsha usınıslar kirgizsin.
Kásip-óner kolledjleriniń oqıwshıları, joqarı oqıw orınlarınıń studentleri vinoshılıq tarawında qánigelik baǵdarları boyınsha ámeliyattı sistemalı tiykarda tikkeley óndirislik hám basqa da kárxanalarda, sonıń ishinde, «Ózsharapsanaat» AJ da óteytuǵını belgilep qoyılsın.
«Ózsharapsanaat» AJnıń óz qarjıları esabınan Tashkent ximiya-texnologiya institutı janında vinoshılıq tarawında qánigelerdiń mamanlıǵın arttırıw hám olardı qayta tayarlaw orayın shólkemlestiriw haqqındaǵı usınısına kelisim berilsin, onıń tiykarǵı wazıypaları etip tómendegiler belgilensin:
ilim hám texnikanıń zamanagóy jetiskenliklerinen, málimleme-kommunikaciya texnologiyalarınan paydalanǵan halda, bilimlendiriwdiń nátiyjeli interaktiv usılların qollanıp vinoshılıq kárxanaları xızmetkerleriniń bilim hám kónlikpeleriniń dárejesin arttırıw;

vinoshılıq ekonomikanıń áhmiyetli baǵdarı esaplanǵan shet ellerdiń vinoshılıq kárxanalarınıń jumıs tájiriybesi menen tanıstırıw, sonıń ishinde, ol jerde elimiz qánigeleriniń tájiriybe úyreniwin shólkemlestiriw, vinoshılıq tarawın rawajlandırıw ushın maman shet el ekspertlerin tartıw;

vinoshılıq tarawında kadrlardı tayarlaw hám olardıń mamanlıǵın arttırıwda jergilikli hám shet el ilimiy-izertlew, bilimlendiriw hám basqa da mákemeleri menen tıǵız birge islesiwdi jolǵa qoyıw, innovaciyalıq kózqaraslar tiykarında vinoshılıq tarawı xızmetkerleri ushın birliktegi oqıw shınıǵıwları hám kursları ótkeriliwin shólkemlestiriw.

2020-jıldıń 1-yanvarınan baslap barlıq alkogol ónimlerin islep shıǵarıwshılar, olardı islep shıǵarıw kólemleri (túri, ataması hám basqa da maǵlıwmatlar) haqqında jáne «óndiriwshi-kótere satıwshı-usaqlap satıwshı-tutınıwshı» shınjırı tiykarında realizaciya etiliwi haqqında tolıq málimlemeni ózinde jámlegen alkogol ónimleri háreketin qadaǵalaw hám esapqa alıwdıń málimleme sisteması (keyingi orınlarda – málimleme sisteması) dúzilsin jáne engizilsin, onda tómendegiler názerde tutılsın:
málimleme sisteması«UZINFOCOM mámleketlik málimleme sistemaların jaratıw hám qollap-quwatlap turıw boyınsha birden-bir integrator» tárepinen islep shıǵarılıwı;

málimleme sistemasın islep shıǵarıwdı qarjılay támiyinlew dárekleri – 50 procenti Málimleme-kommunikciya texnologiyaların rawjlandırıw qorı hám 50 procenti «Ózsharapsanaat» AJ Rawajlandırıw qorınıń qarjıları;

Ózbekstan Respublikası Málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi, Ekonomika ministrligi, Mámleketlik salıq komiteti, «Ózstandart» agentligi, «Ózsharapsanaat» AJ, basqa da mápdar ministrlikler menen vedomstvolardıń qánigelerinen ibarat málimleme sisteması jaratılıwın hám engiziliwin muwapıqlastırıw boyınsha vedomstvolararalıq jumısshı topardı qáliplestiriw.

Málimleme sistemasına jalǵanıwdıń sońǵı múddetleri tómendegishe belgilensin:

«Ózsharapsanaat» AJnıń úlesi 51 procent hám onnan kóbirekti quraytuǵın alkogol ónimlerin islep shıǵaratuǵın kárxanalar ushın – 2022-jıldıń 1-yanvarına shekem;

alkogol ónimlerin islep shıǵaratuǵın basqa kárxanalar ushın – 2022-jıldıń 1-iyunine shekem;

«Sharapsawda» qánigelesken kótere sawda bazaları ushın – 2022-jıldıń 1-oktyabrine shekem;

alkogol ónimleriniń usaqlap satıw sawdası menen shuǵıllanatuǵın yuridikalıq shaxslar ushın – 2022-jıldıń 1-dekabrine shekem.

Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik salıq komiteti hám Bas prokuraturası janındaǵı Salıq, valyutaǵa baylanıslı jınayatlarǵa hám jınayı dáramatlardı legallastırıwǵa qarsı gúresiw departamenti kárxanalardıń málimleme sistemasına óz waqtında hám tolıq jalǵanıwı ústinen sistemalı qadaǵalawdı ámelge asırsın.
Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti 2018-jıldıń 1-iyunine shekemgi múddette:
shet el ámeliyatın hám alkogol ónimleri bazarınıń ámeldegi konyunkturasın esapqa ala otırıp, sonday-aq, «Sharapsawda» qánigelesken kótere sawda bazalarınıń jumısların sın kózqarastan úyreniw nátiyjeleri boyınsha alkogol ónimlerin realizaciyalawdıń bazar mexanizmlerin keńeytiw boyınsha, atap aytqanda, islep shıǵarıwshılarǵa ózleriniń ónimlerin olarǵa tiyisli bolǵan firma dúkánları menen usı ónimlerdiń kótere sawdası menen shuǵıllanıp atırǵan basqa da yuridikalıq shaxslarǵa realizaciyalaw huqıqın beriw arqalı usınıslar kirgizsin;

«Ózsharapsanaat» AJ Rawajlanıw qorı hám qáwenderlerdiń qarjıları esabınan 2018-2023-jıllar ushın shet mámleketlerdiń jetekshi bilimlendiriw hám ilimiy mákemelerinde vinoshılıq hám júzimshilik tarawında kadrlardı tayarlaw, qayta tayarlaw hám olardıń tájiriybesin arttırıw boyınsha Baǵdarlama kirgizsin, onda tayarlaw, qayta tayarlaw hám tájiriybe arttırıw kursların juwmaqlaǵannan keyin qánigeler ushın miynet etiwin «Ózsharapsanaat» AJ kárxanalarında dawam ettiriw boyınsha minnetlemeler belgilep qoyılsın;

shet mámleketlerdiń aldınǵı tájiriybesin esapqa ala otırıp vinoshılıq ónimlerin reklama etiwde sheklewlerdi qayta kórip shıǵıw boyınsha usınıslar kirgizsin;

alkogol ónimlerin islep shıǵarıw boyınsha kárxanalarda qarjı inspektorları jumıslarınıń úyreniliwin shólkemlestirsin, onda olardıń jumıs nátiyjeliligin arttırıw boyınsha nátiyjeli ilajlardı alıp barsın;

«Ózsharapsawda» AJ kárxanaları tárepinen energiyanıń alternativ dáreklerinen paydalanıwdı rawajlandırıw hám keńeytiw Baǵdarlamasın tastıyıqlasın.

Esap-sanaq palatası «Ózsharapsanaat» AJ, Ekonomika ministrligi, Qarjı ministrligi, Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrligi, Menshiklestirilgen kárxanalarǵa kómeklesiw hám básekilikti rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komiteti menen birge 2018-jıldıń 1-avgustına shekem «Ózsharapsanaat» AJ kárxanalarınıń bántligi, shtat birlikleri, qárejetlerdiń durıslıǵı, shólkemlestiriw strukturaların sın kózqarastan úyrensin hám olardı optimallastırıw jáne qárejetlerdi azaytıw, miynet ónimdarlıǵı menen óndiristiń rentabelligin jaqsılaw maqsetinde jumıs nátiyjeliligin jáne de arttırıw boyınsha Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.
Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki vinoshılıq tarawın rawajlandırıw maqsetinde júzimniń texnikalıq sortlarınıń plantaciyaları ushın úskeneler, texnika, awısıq bólekler hám basqa da zárúrli qurallardı satıp alıw maqsetinde ámeldegi qayta qarjılandırıw procentlik stavkaları tiykarında jeńillikli múddeti bes jıldan kem bolmaǵan uzaq múddetli jeti jıllıq jeńillikli kreditler ajıratılıwın támiyinlesin.
Ózbekstan Respublikası Bas prokuraturası janındaǵı Salıq, valyutaǵa baylanıslı jınayatlarǵa hám jınayıy dáramatlardı legallastırıwǵa qarsı gúresiw departamenti eki ay múddette bilimlendiriw, sport mákemeleri hám diniy mákemelerden bes júz metrden kem radiusta alkogol jáne temeki ónimlerin realizaciyalap atırǵan subektlerdi anıqlaw boyınsha usaqlap satıw obektlerin inventarizaciyadan ótkersin.
Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayat hákimleri «Ózsharapsanaat» AJǵa usı qararda názerde tutılǵan ilajlardı ámelge asırıwda hár tárepleme kómeklessin.
«Ózsharapsanaat» AJ Ádillik ministrligi hám basqa da mápdar mákemeler menen birgelikte bir ay múddet ishinde nızamshılıqqa usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar boyınsha usınıslardı Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine kirgizsin.
Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı S.R.Xolmurodovqa, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Mámleketlik keńesgóyiniń birinshi orınbasarı B.M.Mavlonovqa hám Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı O.B.Murodovqa júklensin.
Ózbekstan Respublikası

Prezidenti SH.MIRZIYOEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 28-fevral

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*